

## BAB III

### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

##### 3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. Numutkeun Surakhmad (1998:131), méthode téh mangrupa cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan, misalna pikeun nguji hipotésis, kalawan maké téhnik jeung alat-alat nu tangtu. Dina ieu panalungtikan, méthode anu digunakeunnya éta méthode déskriptif.

Méthode déskriptif mangrupa hiji méthode pikeun ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, nganalisis jeung napsirkeun data (Surakhmad, 1983:143).

Panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan nu ngadadarkeun fénoména atawa kaayaan nu saujurtna tina objék nu ditalungtik. Numutkeun Surakhmad (1990 : 140) méthode déskriptif mibanda ciri-ciri

- 1) museurkeun panitén kana pasualan-pasualan anu aktual, sarta
- 2) sabada data dikumpulkeun, terus ditalaah, dijéntrékeun jeung dianalisis.

Méthode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun masalah kasalahan léksikon, kasalahan éjahan basa Sunda, jeung faktor-faktor nu nyababkeun ayana kasalahan basa.

Suyatna (1994:19) dina Illaahi (2008:30) nétélakeun yén panalungtikan déskriptif miboga tujuan pikeun nyieun gambaran sacara sistematis jeung faktual ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu tangtu.

### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.1.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

- 1) Téhnik Tés. Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun kalawan méré tugas nyieun karangan pangalaman ka siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2008/2009.
- 2) Studi dokuméntasi. Téhnik studi dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data jeung bahan ku cara maca jeung nala'ah data dina karangan pangalaman siswa.

#### **3.1.2.2 Téhnik Ngolah Data**

Analisis téks. Téhnik analisis téks digunakeun pikeun néangan jeung nganalisis sakabéh data nu aya dina karangan siswa nepi ka ngahasilkeun data nu luyu jeung nu dipiharep.

### **3.2 Instrumén Panalungtikan**

Dina KUBS LBSS (1992:179) disebutkeun yén instrumén téh asalna tina basa walanda anu hartina pakakas atawa alat. Instrumén panalungtikan maksudna nya éta alat atawa pakakas anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

#### **3.2.1 Intrumén Ngumpulkeun Data**

Instrumén pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa tés bisa dititénan di handap.

Pancén nuliskeun pangalaman

Tuliskeun pangalaman hidep sorangan anu sarat-saratna ditétélakeun ieu di handap!

1. Téma : bébas
2. Panjangna : maksimal sakaca
3. Pigawé kalawan ngagunakeun aturan katatabasaan!

Tong poho tulis ngaran jeung kelas !

### 3.2.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén pikeun ngolah data téh wangunna mangrupa kartu data. Ieu instrumén téh bisa dititénan sakumaha ieu di handap.

<b>Kode:</b>
Wangun nu salah : .....
Kuduna : .....
Tipe kasalahan : .....
Catetan:

### 3.2.3 Instrumén Distribusi Kasalahan Ngagunakeun Vokal

Sabada diolah, data terus didistribusikeun kana tabél dumasar kategori kasalahanana.

Tabél IV.1

#### KASALAHAN NGAGUNAKEUN VOKAL

No	Kasalahan Maké Vokal	Kuduna	Keterangan

Tabél. IV.2

#### Kasalahan Ngagunakeun Vokal *a*

No	Kasalahan Maké Vokal	Kuduna	Keterangan

**Tabél. IV.3**  
**Kasalahan Ngagunakeun Vokal *i***

No	Kasalahan Maké Vokal	Kuduna	Katerangan

**Tabél. IV.4**  
**Kasalahan Ngagunakeun Vokal *u***

No	Kasalahan Maké Vokal	Kuduna	Katerangan

**Tabél. IV.5**  
**Kasalahan Ngagunakeun Vokal *é***

No	Kasalahan Maké Vokal	Kuduna	Katerangan

**Tabél. IV.6**  
**Kasalahan Ngagunakeun Vokal *eu***

No	Kasalahan Maké Vokal	Kuduna	Katerangan

**Tabél. IV.7**  
**Kasalahan Ngagunakeun Vokal *e***

No	Kasalahan Maké Vokal	Kuduna	Katerangan

**Tabél. IV.8**

**RÉKAPITULASI**  
**KASALAHAN NGAGUNAKEUN VOKAL BASA SUNDA DINA KARANGAN**  
**PANGALAMAN SISWA KELAS VII SMP PASUNDAN 3 BANDUNG TAUN**  
**AJARAN 2008/2009**

No	DATA	KASALAHAN						Frk
		a	i	u	é	o	eu	

### **3.3. Populasi jeung Sampel Panalungtikan**

#### **3.3.1. Populasi**

Suyatna (2002:11) nétélakuen yén populasi nya éta sakabéh sumber data anu jadi objék panalungtikan. Hal ieu luyu jeung nu diutarakeun ku Arikunto (1996:115) yén populasi téh nya éta sakabéh subjék anu baris ditalungtik. Patali jeung hal éta, anu jadi populasi dina ieu panalungtikan téh nya éta sakabéh karangan pangalaman anu ditulis ku para siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung.

#### **3.3.2. Sampel**

Nurutkeun Arikunto (1996:117), sampel téh nya éta sabagian atawa wawakil populasi anu baris ditalungtik. Hal éta ogé luyu jeung nu diutarakeun ku Surakhmad (1985:92-93) anu ngutarakeun yén sampel téh nya éta sabagian atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik sarta bisa ngawakilan populasi éta. Dina ieu panalungtikan anu dijadikeun sampel téh sampel purposife. Nurutkeun Sudjana (1991:37) purposife nya éta sampel dumasar kana tujuan anu tangtu, nepi ka bisa nyumponan kahayang jeung kapentingan panalungtikan.

Sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas VII F. Hal ieu lantaran siswa kelas VII F dianggap leuwih hadé dina nuliskeun pangalaman tibatan kelas-kelas sejenna.